

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

1.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil jeung pedaran dina Bab IV, ieu panalungtikan bisa dicindekkeun yén modél pangajaran *concept sentence* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas X AK 4 SMK PGRI 2 Cimahi. Aya sababaraha hal nu bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis wawangsalan saméméh ngagunakeun modél pangajaran *concept sentence* kagolong kana kurang atawa can mampuh, rata-rata peunteunna. Hartina siswa can mampuh nulis wawangsalan. Ieu hal katitén tina peunteun unggal aspék anu masih kurang tina peunteun maksimal. Kamampuh tina aspék éjahan masih kénéh “kurang” kalayan rata-rata 2,3; kamampuh pilihan kecap (diksi) rata-rata peunteunna 3,1 anu kaasup kana kritéria “kurang”; kamampuh guru wilangan rata-rata peunteunna 2,1 anu kaasup kana kritéria “kurang”; kamampuh karapihan tulisan rata-rata peunteunna 3,4 anu kaasup kana kritéria “sedeng”; sarta hubungan antara padalisan dina wawangsalan rata-rata peunteunna 2,5 anu kaasup kana kritéria “kurang”.
- 2) Kamampuh nulis wawangsalan sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *concept sentence* kagolong kana hadé atawa geus mampuh, rata-rata peunteunna 77,1. Hartina siswa geus mampuh nulis wawangsalan. Ieu hal katitén tina peunteun unggal aspék anu asup kana kritéria hadé. Kamampuh tina aspék éjahan geus “sedeng” kalayan rata-rata 3,1; kamampuh pilihan kecap (diksi) rata-rata peunteunna 4 anu kaasup kana kritéria “hadé”; kamampuh guru wilangan rata-rata peunteunna 3,93 anu kaasup kana kritéria “hadé”; kamampuh karapihan tulisan rata-rata peunteunna 4,29 anu kaasup kana kritéria “hadé”; sarta hubungan antarpadalisan dina wawangsalan rata-rata peunteunna 3,88 anu kaasup kana kritéria “hadé”.
- 3) Aya béda anu signifikan antara kamampuh siswa saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *concept sentence* katitén tina rata-rata *pre-test* anu dicangking siswa nyaéta 54, sedengkeun rata-rata *post-test* anu dicangking siswa nyaéta 77,1. Béda kamampuh siswa saméméh jeung sanggeus

ngagunakeun modél pangajaran *concept sentence* dibuktikeun dina uji hipotésis. Uji hipotésis dina ieu panalungtikan ngagunakeun uji non-parametrik Wilcoxon. Nilai signifikansi (Asymp. Sig. 2-tailed) nya éta $0,00 < 0,05$, H_1 ditarima atawa H_0 ditolak. Hartina aya béda anu signifikan antara *pre-test* jeung *post-test*. Modél pangajaran *concept sentence* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis wawangsalan kelas X AK 4 SMK PGRI 2 Cimahi taun ajaran 2017/2018. Katitén modél pangajaran *concept sentence* mampuh ngaronjatkeun kamampuh nulis wawangsalan siswa dina unggal aspék. Dina aspék éjahan hasil rata-rata *pre-test* nya éta 2,3 anu kaasup kana kritéria kurang atawa can mampuh, sedengkeun *post-test* ngaronjat 0,9 jadi 3,19 anu kritéria hadé; aspék kosa kecap (diksi) tina hasil rata-rata peunteun *pre-test* nya éta 3,1 anu kaasup kurang ngaronjat 0,9 jadi 4 anu kaasup kana kritéria hadé.; aspék guru wilangan tina hasil rata-rata peunteun *pre-test* nya éta 2,19 anu kaasup kurang ngaronjat 1,7 jadi 3,93 anu kaasup kana kritéria hadé; aspék karapiban tulisan tina hasil rata-rata peunteun *pre-test* nya éta 3,4 anu kaasup kurang ngaronjat 0,6 jadi 4,29 anu kaasup kana kritéria hadé; sarta aspék hubungan antarpadalian dina wawangsalan tina hasil rata-rata peunteun *pre-test* nya éta 2,5 anu kaasup kurang ngaronjat 1,4 jadi 3,88 anu kaasup kana kritéria hadé. Jadi, modél pangajaran *concept sentence* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis wawangsalan.

1.2 Implikasi

Modél pangajaran *concept sentence* dina kamampuh nulis wawangsalan. Larapna modél pangajaran *concept sentence* miboga implikasi yén ieu modél bisa ditarima ku siswa. Nalika prak-prakanana siswa leuwih wani dina ngébréhkeun ide jeung sawangan anu aya dina pikiranana, siswa jadi leuwih kréatif, siswa jadi leuwih kritis, jeung siswa leuwih aktif dina diskusi jeung babaturanana ku sabab ieu modél dilarapkeun dina diskusi kelompok. Modél pangajaran kelompok leuwih éféktif ku sabab siswa diajar diskusi dina ngaréngsékeun pasualanana.

1.3 Rékoméndasi

Sanggeus dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan kamampuh nulis wawangsalan ngagunakeun modél pangajaran *concept sentence*, aya sababaraha

Siti Ulfiyati Rochman, 2018

MODÉL PANGAJARAN CONCEPT SENTENCE PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS WAWANGSALAN

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

rékoméndasi sangkan panalungtikan anu salajengna bisa langkung hadé sarta aya kamajuan dina prosés diajar ngajar, diantarana nyaéta:

- 1) Modél pangajaran *concept sentence*, bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis wawangsalan. Ku kituna modél pangajaran *concept sentence*, bisa dijadikeun salah sahiji alternatif pikeun guru dina pangajaran nulis wawangsalan;
- 2) Dina panalungtikan nulis wawangsalan ngagunakeun modél pangajaran *concept sentence* aya sabaraha hal anu kudu diperhatikeun, diantarana: (1) kudu maham kana langkah-langkah modél pangajaran *concept sentence*, ; (2) ngarancang pangajaran kalayan bener jeung *sistematis*; (3) kudu bisa nyiptakeun suasana atawa kaayaan nu sumanget sangkan ngirut siswa, sarta (4) kudu pinter dina ngokolakeun waktu; jeung
- 3) Dipihareup ayana panalungtikan modél pangajaran *concept sentence*, dina pangajaran nulis atawa pangajaran sejénna sangkan bisa leuwih ngabuktikeun yén hasil pangajaran nulis leuwih hadé kalawan ngagunakeun modél pangajaran *concept sentence*.